

# Laverite sou metòd kontrasepsyon

**Bri-kouri:** Mwen pa bezwen sèvi ak kapòt si mwen itilize metòd kontrasepsyon

**Verite: Kapòt se sèl fason pou pwoteje tèt ou kont VIH ak STI yo.** Pran kapòt gratis nan CHN.

**Bri-kouri:** Metòd kontrasepsyon ap fè règ mwem vini anpil epi l ap fè lakranp mwen vin pi grav.

**Verite: Metòd kontrasepsyon kapab afekte règ ou nan diferan fason.** Kèk kalite fè règ ou vin iregilye oswa yo kapab lakòz ou gen tach san. L'òt yo fè règ la vin pi kout, pi lejè epi av'èk mwens lakranp. Pale avèk doktè ou konsènan règ ou pou konnen ki metòd kontrasepsyon ki bon pou ou.

**Bri-kouri:** Metòd kontrasepsyon pa natirèl oswa pa bon pou sante. L'ap nuizib pou òmòn mwen yo.

**Verite: Metòd kontrasepsyon pa bay pwoblèm ditou avèk òmòn yo.** Metòd kontrasepsyon gen òmòn kò ou fè deja. Si pa gen pwoblèm pou pran òmòn yo, gen kèk kalite metòd kontrasepsyon ki pa gen òmòn.

**Bri-kouri:** Metòd kontrasepsyon ap fè mwen vin gwosi.

**Verite: Pifò kalite metòd kontrasepsyon pa fè moun vin gwosi.** Pale avèk doktè ou si ou gen laperèz pou vin gwosi pandan w ap pran metòd kontrasepsyon an.



**Pou jwenn plis enfòmasyon sou metòd kontrasepsyon, pale avèk doktè CHN ou oswa edikatè sante ou.**

# T Laverite sou metòd kontrasepsyon



**Bri-kouri:** Si mwen bliye oswa si mwen fè byon erè avèk metòd kontrasepsyon mwen, pa gen anyen mwen kapab fè pou mwen pa ansent apre mwen fè bagay san kapòt.

**Verite:** Si ou gen pwoblèm pou pran oswa pou itilize metòd kontrasepsyon ou, ou kapab jwenn Plan B nan CHN. Plan B se yon grenn a ki anpeche ou vin ansent jiska 5 jou apre ou fè bagay.

**Bri-kouri:** Mwen sipoze gen Irèg mwen chak mwa. Metòd kontrasepsyon lakòz sa pa fèt.

**Verite:** Lè ou pran metòd kontrasepsyon, ou pa bezwen gen règ ou chak mwa. Kèk metòd kontrasepsyon ap anpeche matris ou fè pawa siplemantè. Pawa siplemantè a se sa ki soti nan kò ou lè ou gen yon règ. Paske kò ou pa fè pawa siplemantè, ou pa bezwen gen yon règ.

**Bri-kouri:** Metòd kontrasepsyon ap fè li difisil pou mwen vin ansent pita nan lavi a.

**Verite:** Metòd kontrasepsyon p ap afekte mwayen ou pou vin ansent pidevane. Depi ou sispann pan metòd kontrasepsyon, kò ou ap retounen nan fason li te ye anvan.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou metòd kontrasepsyon, pale avèk doktè CHN ou oswa edikatè sante ou ou.**